

# Geguritan Wajib SMP/MTs

## Siter Gadhing

Dening: Djaimin K

Aja disetel kenceng-kenceng iki siter  
Siter gadhing sumbering geter ati  
Nadyan swarane cumengkling nyaring  
Nanggepi osiking jagad  
Nanging serat-serat alus  
Wajane gampang putus  
Satemah lampus

Balik yen disetel kendho  
Genah swarane blero  
Yen jago ya jago kapuk  
Tan wani kluruk

Prayoga disetel samadya  
Isi siter gadhing rerengganing dhadha  
Murih wiramane laras  
Ora kemranyas  
Kanthi swara sutra  
Sapa ngerti kwawa ngeluk gligen waja  
Nglebur mbegeging watu  
Tembang klawu ati kaku

Siter gadhing gadhuhane  
Yen swara laras, muga:  
Nuju prana

Kapethik saking

*Antologi Geguritan Siter Gadhing*, 1996

# Geguritan Pilihan SMP/MTs

## **Kalibening\_Ku**

Dening: Asti Pradnya Ratri

Geneya ndadak buthek?  
Kapan beningmu...?  
Langit isih sumilak  
Lan kowe isih sigrak  
Kanthi dosa kang kebak!  
Urip iki rak lumaku  
Sabena dina beda ukara  
Nanging kowe...  
Kapan kowe duwe tembung anyar?  
Kang eling lan pasrah sumarah  
Donya wis semrawut  
Kowe nambahi ribut  
Buthek,  
Angger ora banger  
Nanging kok ya meksa dadi sesuker  
Mbuhlah...  
Sakeselmu kowe polah!

## **Kapethik saking**

*Antologi Geguritan Weling Sinangling, Dinas Kebudayaan DIY, 2018*

# Geguritan Pilihan SMP/MTs

## **Katresnan Sinungging Gurit**

Dening: Sinar Indrakrisnawan

Dakdhedher wijining katresnan  
Lumantar salarik tulisan  
Ing antarane pepasir ing gisiking samodra  
Ing antarane gumelure ombak segara  
Tansah angalela raga tuwa  
Nggaritake guritan ing watu karang  
Misaya mina bali ngungkuri sepi  
Ironing dhadha sumlempit pralampita:  
Apa camar kae isih gelem tilik susuhe?

Dhakdhedher wijining katresnan  
Lumantar salarik tulisan  
Sing lurus crita wekeling paman tani  
Kumringet krenggosan  
Ngudang doran lan buntutan  
Angga kang sayah lungkrah rinasa bungah  
Dadi banten tawuring panandhang  
Ironing dhadha kanga king  
Dumeling pepeling:  
Kowe kabeh kudu dadi bocah kang utama!

## **Kapethik saking**

*Antologi Geguritan Weling Sinangling*, Dinas Kebudayaan DIY, 2018

